



Pou Piblikasyon Imedya: 24/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANKOURAJE NOUYÒKÈ YO POU YO PREPARE POU GWO TANPÈT LORAJ APRÈMIDI A AK ASWÈ A

Lwès New York, Finger Lakes, Southern Tier ak Santral New York ap kontinye obsève gwo lapli, gwo van, ti grèl, ak posiblité tònad izole

Ajans eta yo te prepare resous ijans yo sou demann Gouvènè Hochul

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te ankouraje Nouyòkè nan tout rejyon nò Eta New York pou prepare pou gwo tanpèt loraj ak gwo van apati ta nan dimanch apre midi ak lendi. Anplis Avètisman Chalè ki ankou a, Sèvis Meteyo Nasyonal la te prevwa Rejyon Lwès New York, Finger Lakes, Southern Tier ak Santral New York yo genyen yon risk ki rankòse pou afekte pa tanpèt sa yo. Previzyon nan rejyon sa yo ap bay gwo lapli, van ki pote domaj, grèl ak posiblité pou tònad ki izole. Avès lokal yo ka pwovoke tou ti inondasyon nan zòn ki ba yo, ansanm ak sa ki gen drenaj ki fèb yo.

Kòm repons, Gouvènè Hochul te mande ajans eta yo pou prepare resous entèvansyon ijans ak pèsonèl yo pou asire ke lokalite yo gen sipò ki nesèsè nan ka gen yon enpak ki fò. Nou ankouraje Nouyòkè yo swiv previzyon lokal yo depre, verifye sou vwazen yo epi rete an sekirite pandan tout tanpèt yo

"Pandan yon avètisman chalè rete anvigè jiska gen apre midi sa ak nivo chalè jiska 97 degre, yo prevwa tanpèt loraj yo ap deplase atravè Eta a pi ta jodi a ak aswè a k ap pote soulanjman ki tèlman nesèsè pou Nouyòkè yo ki te konbat chalè pandan plizyè jou ki pase yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen te deja mande ajans Eta yo pou yo prepare resous entèvansyon ijans si patnè nan konte nou yo ta bezwen asistans. Pandan tan sa, mwen mande Nouyòkè yo kontwòle tanpèt loraj sa yo epi prepare kounye a nan ka ta gen yon pàn kouran."

Tanpèt yo ap soti lwès pou ale nan lès pandan tout apre midi a ak aswè a anvan yon fredri k ap pote kont chalè ak imidite etoufan an. Lendi, Vil New York, Long Island ak Hudson Valley ap gen yon risk move tan lejè. Avès yo ap diminye soti lwès pou ale nan lès nan lendi, epi yo prevwa tan ki pi kleman epi ki pi sèk pou madi ak mèkredi.

Pou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt, avètisman, konsèy ak dènye previzyon meteyo yo, vizite [sit entènèt](#) Sèvis Meteyowolojik Nasyonal la (National Weather Service).

Komisè Depatman Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans Eta New York la, Jackie Bray, te deklare, "Yo prevwa tanpèt yo nan pifò Rejyon Nò Eta a gen potansyèl pou fè domaj reyèl epi Nouyòkè yo ta dwe fè tout sa yo kapab pou prepare epi rete an sekirite. Sant Operasyon Ijans Eta a ap kontwole tanpèt sa yo depre epi ekip nou yo prepare pou sipòte patnè lokal nou yo jan nou kapab."

PREPARASYON AJANS YO

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services)

Sant Operasyon Ijans Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans Eta New York la ap kontwole tan ak kondisyon deplasman yo, epi kowòdone bezwen repons yo ak gouvènman lokal yo. Estòk eta a prepare pou deplwaye resous nan lokalite yo pou sipòte nenpòt bezwen ki gen rapò ak tanpèt la, sa gen ladan ponp, twonsonez, sak sab, jeneratris, bèso, lenn ak dlo nan boutèy.

Depatman Transpò (Department of Transportation)

Depatman Transpò Eta a ap siveye kondisyon metewolojik yo epi li prepare pou reponn ak plis pase 3,200 sipèvizè ak operatè. Yo ka konfigire anplwaye yo nan nenpòt ki kalite ekipaj repons ki nesèsè (entèkansyon kont inondasyon, dechiktez, chajman ak transpò, vidaj egou, koup ak lans, siyal sikilasyon, elatriye). Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 1,297 gwo kamyon abèn baskil
- 304 gwo chajè
- 81 ekskavatris sou ray ak sou kawotchou
- 72 dechiktèz
- 19 aparèy pou fè nivèlman
- 15 kamyon aspiratè ak jè egou
- 14 ekip pou pyebwa avèk kamyon nasèl

Otorite Thruway

Otorite Thruway la genyen 640 operatè ak sipèvizè ki prepare pou reponn a nenpòt pwoblèm ki an rapò ak van oswa inondasyon nan tout eta a yo avèk eskavatris ki piti pou rive nan sa ki gen tay mwayen yo, kamyon chasnèj/baskil yo, gwo kamyon chajè yo, pano VMS pòtab yo, poto limyè pòtab yo, jeneratris yo, ponp ak trelè pou transpòte ekipman yo, ansanm ak aparèy siyalizasyon ak lòt aparèy kontwòl sikilasyon ki disponib pou nenpòt detou oswa fènti yo. Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab (Variable

Message Signs) ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan pandan yo sou Thruway la.

Pandan vag chalè sa, pèsonèl Thruway la te kontwole kondisyon wout yo epi fè verifikasyon sou machin ki anpàn yo.

Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 346 gwo kamyon baskil abèn ak ti kamyon
- 65 gwo chajè
- 7 kamyon aspiratè
- 16 ekskavatriis sou ray ak sou kawotchou
- 8 dechiktèz ak bwòs
- 99 Twonsonez
- 19 kamyon nasèl
- 84 Jeneratris Pòtab
- 67 Inite Ekleraj Pòtab

Otorite Thruway ankouraje otomobilis yo telechaje aplikasyon mobil li yo , ki disponib pou download gratis sou aparèy iPhone ak Android. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk ak kamera sikilasyon yo nan tan reyèl, enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou imèl TRANSalert ki bay dènye kondisyon sikilasyon yo sou otowout Thruway, suiv @ThruwayTraffic sou Twitter epi vizite thruway.ny.gov pou wè yon kat anime k ap montre kondisyon sikilasyon an sou otowout Thruway ansanm avèk lòt wout Eta New York yo.

Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation)

Ofisye Lapolis Pwoteksyon Anviwònman DEC yo, Gad Forè yo, anplwaye Jesyon Ijans yo, ak anplwaye rejyonal yo nan eta dalèt epi yo ap siveye sityasyon ki ap devlope a epi yo aktivman ap fè patwouy nan zòn ak enfrastrikti ki gen anpil chans pou yo sibi dega poutèt move tan. Tout resous ki disponib yo, ki gen ladan ekip rapid pou sovtajan nan dlo yo nan pozisyon pou yo ede nan nenpòt repons ijans.

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)

Lapolis Pak Eta New York ak anplwaye pak yo rete alèti epi y ap swiv depre kondisyon metewolojik ak enpak yo. Vizitè pak yo dwe tcheke parks.ny.gov oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènye nouvèl konsènan lè fonksyonman pak yo, lè ouvèti ak fèmti yo.

Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) ak Canal Corporation

Otorite Enèji New York la ak Kòporasyon Kanal Eta New York la ap siveye kondisyon yo ak prepare tout resous pou entanperi. Repezantan NYPA ak repezantan Kanal pral kenbe kontak pwòch avèk pèsònèl ijans eta, konte, ak lokal yo jan sa nesèsè. NYPA rete prè tou pou l voye anplwaye transmisyon NYPA yo ak lòt anplwaye pou al ede si sa nesèsè. Canal Corporation pral enfòmè piblik la jan sa nesèsè atravè alèt Avi l ap bay Maren li yo. Manm piblik la ka enskri pou resevwa avi sa yo sou sit entènèt Canal Corporation lan.

Depatman Sèvis Piblik

Sèvis piblik New York yo genyen apeprè 6,400 travayè ki disponib pou angaje, jan sa nesèsè, nan evalyasyon domaj, entèvansyon, reparasyon ak restorasyon atravè Eta New York, pou move tan ki posib la. Pèsònèl ajans lan ap swiv travay sèvis piblik yo pandan tout evènman an epi sire sèvis piblik yo voye anplwaye apwopriye yo nan rejyon ki gen pi gwo enpak yo.

Lapolis Eta New York

Lapolis Eta a prepare pou li deplwaye manm Patwouy anplis, jan sa nesèsè, pou ede zòn ki afekte yo. Tout veyikil Lapolis Eta a ki espesyalize yo, tankou veyikil kat-pa-kat ak veyikil itilite yo (UTV) deja an pozisyon epi yo prè pou yo reponn imedyatman. Yo te teste tout ekipman alimantasyon elektrik ak ekipman kominikasyon ijans Twoup la yo.

Konsèy Sekirite pou Move Tan

Preparasyon

- Konnen kote kote ou rete a epi non vil ki toupre yo. Yo bay avètisman sou move tan vyolan yo pa konte.
- Chèche konnen wout ki gen mwens danje a pou soti lakay ou oubyen biznis ou, pou rive sou teren pi wo ki pa gen danje sizoka ou dwe kite nan prese.
- Devlope epi pratike yon plan "evakyasyon fanmi" epi idantifye yon espas rankont si manm fanmi an vin separe.
- Fè yon lis detaye tout bagay ki gen valè tankou mèb, rad ak lòt objè pèsònèl. Kenbe lis la yon kote ki gen sekirite.
- Fè rezèv estòk ijans manje nan bwat, medikaman ak atik premye swen epi dlo potab. Sere dlo potab nan veso pwòp ki byen fèmen.
- Planifye sa w ap fè ak bèt ou gen nan kay la.
- Kenbe sou lamèn yon radyo pòtab, flach, batri anplis ak ekipman pou fè manje nan sitiasyon ijans.
- Kenbe machin ou ak gaz oswa chaj. Si kouran elektrik la koupe, estasyon gazolin ka p ap ka bay gaz pandan plizyè jou. Kenbe yon ti pwovizyon nan kòf machin ou sizoka ta gen katastwòf.

Kenbe twous katastwòf la sou men, avèk ladan:

- Flach ak pil siplemantè
- Radyo ki fonksyone ak batri ak batri ekstra yov
- Twous premye swen ak manyèl
- Manje ak dlo pou ijans
- Kle ki pa elektrik pou ouvri kanèt yo
- Medsin esansyèl yo
- Chekye, lajan kach, kat kredi, kat ATM

Inondasyon Eklè

- Pa janm eseye kondi nan yon wout ki inonde. Vire tounen epi fè yon lòt wout.
- Si dlo a kòmanse monte rapid bò kote ou, abandone machin lan imedyatman.
- Pa souzestime pwisans destriksyon dlo k ap kouri vit. De pye dlo inondasyon k ap kouri rapid pral fè machin ou flote epi dlo k ap kouri ak yon vitès twa pwen de kilomèt pa èdtan ka pote ale machin ki sou wout oswa sou yon pon.

Zeklè

- Swiv enstwiksyon 30-30: Si tan ant moman ou wè ekla zeklè an epi koute kout loraj la se 30 segonn oswa mwens, kout zèklè an pre ase pou li frape ou. Chèche abri imedyatman. Apre dènye ekla zeklè an, rete tann 30 minit anvan ou soti nan abri ou an.
- Kout zèklè yo frape bagay ki pi wo an. Si ou sou yon liy pye bwa, kouri ale anba l epi kwoupi si ou nan yon zòn ki ekspoze.
- Si ou pa kapab ale nan yon abri, rete lwen pye bwa yo. Si pa gen abri, kwoupi nan zòn ki ekspoze, epi rete lwen a yon distans doub fwa longè pye bwa a.

Pou plis konsèy sou sekirite, ale sou sitwèb Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta New York la nan www.dhSES.ny.gov/safety.

###

Lòt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)